

BAB I **BUBUKA**

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Padungdengan ngeunaan atikan *berbasis* karakter bangsa di tengah-tengah dunya atikan, utamana di kalangan akademisi beuki hangkeut. Hal kasebut minangka respon tina *gejala-gejala sosial* masarakat ayeuna nu geus loba naringgalkeun ajén-inajén linuhung budaya bangsana sorangan. Karakter bangsa Indonésia nu kawentar ramah, sopan, jujur, religius, sauyunan, katompérnakeun geus mimiti kalindih ku pangaruh budaya deungeun nu *individualistis-materialistis*. Lamun kondisi di luhur diantep atawa geus teu dianggap penting pikeun dipikiran, tangtuna ajén-inajén linuhung nu salila ieu jadi identitas bangsa, lila-lila bakal leungit kaéréh ku budaya deungeun.

Bangsa nu *bermartabat* pasti moal mikeun ajén-inajén budayana kalindih ku budaya deungeun. Ku sabab kitu, mutlak kudu aya upaya pikeun ngahirup-hirup deui ajén-inajén budaya linuhung bangsa dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun paragenerasi panerus ngaliwatan *institusi* atikan.

Didikan nu ditepikeun dina *institusi* atikan sawadina mangrupa wanda kabinangkitan budaya bangsa nu jadi tungtunan *peradaban* masarakatna. Ku sabab kitu, atikan generasi kudu ngalemah kana ajén-inajén *lokal genius* nu muarana aya dina ajaran dasar agama (*nilai absolute*) jeung budaya. Élmü pangaweruh nu ditepikeun ka paragenerasi kudu nangtung dina dadasar kagamaan jeung budaya bangsa, malah mandar hasil tina atikan lain waé bisa ngawangun generasi nu jembar wawasan (*universal*), tapi ogé ngawangun generasi nu mibanda ahlak (karakter) jeung kapribadian nu pengkuh nyekel pageuh ajén-inajén agama jeung budaya bangsana nu linuhung, *thinking globally, acting locally*.

Ngagali sumber ajén-inajén budaya nu luyu jeung ajaran agama kacida pentingna pikeun ngawujudkeun fungsi jeung tujuan *Pendidikan Nasional*

sakumaha nu ditulis dina UU No. 20 Taun 2003 ngeunaan *Sistem Pendidikan Nasional* dina Pasal 3, nu nétélakeun yén

Pendidikan nasional berfungsi mengembangkan kemampuan dan membentuk karakter serta peradaban bangsa yang bermartabat dalam rangka mencerdaskan kehidupan bangsa. Pendidikan nasional bertujuan untuk berkembangnya potensi peserta didik agar menjadi manusia yang beriman dan bertakwa kepada Tuhan Yang Maha Esa, berakhlak mulia, sehat, berilmu, cakap, kreatif, mandiri, dan menjadi warga negara yang demokratis serta bertanggung jawab.

Paribasa (*pepatah Sunda*) salaku salahsahiji sumber atikan moral masarakat asli Indonesia kacida cocogna dijadikeun bahan ulikan dina ngagali ajén-inajén atikan nu ngamuara kana ajén-inajén kagamaan jeung kabudayaan nasional. Ajén-inajén atikan nu muncul dipiharep jadi wanda petingan nu leuwih bisa *ngarepresentasikeun* karakter bangsa di banding jeung ajén-inajén atikan lian nu can puguh ti mana jujutanana.

Ajén-inajén petingan tadi ditransformasikeun ngaliwatan rekayasa kurikulum atikan *berbasis* karakter. Program pangajaran *berbasis* karakter di sakola dipiharep bisa ngajalankeun peran jeung fungsi institusi atikan salaku “*agent of change*” sangkan anak-incu di mangsa nu bakal datang bisa ngahirup-hirup deui ajén-inajén linuhung warisan bangsa, miboga tangtungan nu ajeg salaku pribadi nu miboga martabat, gedé wiwaha, tur siap ngigelan parobahan katut tangtungan jaman.

Ngajanggélékkeun éta pangharepan merlukeun waktu nu teu sakeudeung, butuh usaha nu sosen-sosen, ajeg (*konsisten*), sarta tuluy-tumuluy. Munculna sikep *korup, hédonis, nepotis, materialistis* nu lain waé dipintonkeun ku masarakat awam, tapi justru dicontoan ku golongan masarakat inajar nu jadi *paraélit* politik jeung birokrat nagara, lain ujug-ujug kitu waé aya, tapi ngaliwatan prosés *karakterisasi* nu lila. Leungitna katuladanan, kurangna kasieun jeung kaéra dina ngalampahkeun kajahatan/kagoréngan nu mindeng ditémbongkeun ku ‘*parapewaris bangsa*’ kiwari gedé pisan kamungkinanana akibat tina salahna mekanisme sistim atikan (*character building*) bangsa dina kurun waktu nu cukup panjang. Orientasi jeung udagan sistem atikan formal bangsa nu salila ieu leuwih

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mentingkeun cumponna angka-angka peunteun (*formalitas*) jeung kapinteran (*kognitif-intelektual*) batan ngawangun atawa mageuhkeun ajén-inajén kapribadian bangsa jadi tamiang meulit ka bitis, ngalahirkeun generasi nu piter tapi dipaké minteran lantaran teu dibarengan ku atikan mental-spiritual nu hadé.

Kaprihatinan nu sarupa masih témbong nepi ka kiwari dina konteks *Ruang Lingkup Kurikulum Nasional* nu can bisa méré tempat katut *proporsi* saimbang antara atikan budaya lokal, nasional, jeung internasional. Aya-euweuhna pangajaran basa daérah sapinuhna dipasrahkeun ka pamaréntah daérahna séwang-séwangan jadi indikasi héngkérna karep ieu bangsa dina numuwuhmekarkeun *local genius* nu aya dina atikan budaya (basa). Pamaréntah pusat teu milu tanggung jawab tehnis dina urusan pangajaran basa daérah nu jadi simbol identitas nasional, tapi anéhna pangajaran basa deungeun (*asing*) di sakola-sakola meunang perhatian nu kacida dariana. Éta kawijakan ngabalukarkeun handapna posisi basa daérah dina *domain* politik basa. Hasilna, beuki dieu beuki jarang generasi bangsa nu masih maké jeung ngamumulé basa daérahna sabab peran jeung fungsina diposisikeun dina tempat nu heureut tur leuwih handap batan basa nasional jeung basa deungeun (internasional). Kawijakan sarupa kitu jadi poténsi nu kuat kana leungitna basa-basa daérah di Nusantara salaku salahsahiji komponén budaya nasional nu paling deukeut jeung kahirupan masarakatna. Teu salah lamun generasi ngora kiwari beuki jauh tina budayana sorangan, tapi sabalikna leuwih deukeut jeung sumber-sumber budaya deungeun.

Kagagalan ngawariskeun karakter budaya bangsa (*character building*) kudu dianggap pasualan nu kacida pentingna pikeun diperhatikeun tur ditéangan bongbolonganana. Ku kituna, pola pamarekan atikan karakter dipiharep bisa jadi salahsahiji bongbolongan pikeun ngawangun generasi di mangsa nu bakal datang miboga karakter jeung jati diri sakumaha nu jadi angen-angen dina konstitusi. Nu jadi pasualanana, ajén-inajén karakter kumaha nu dianggap bisa *ngarepresentasikeun* karakter bangsa, sabab naon hartina disebut atikan karakter bangsa lamun teu nyoko kana sumber-sumber budayana sorangan, komo

patukangtonggong jeung ajén-inajén kagamaan nu jadi ageman masarakatna. Éta pamikiran kudu jadi léngkah awal miangna ieu bangsa ngawangun atikan *berbasis* karakter.

Pikeun ngajawab tantangan di luhur, perlu ayana panalungtikan nu daria nuduhkeun kana ayana ajén-inajén karakter asli bangsa salaku sumber bahan ajaran di institusi atikan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan ajén-inajén ka-Islaman dina paribasa Sunda perlu dilaksanakeun.

Sababaraha panalungtikan paribasa Sunda pakaitna jeung ajén-ajén karakter bangsa dilaksanakeun ku Sudaryat spk. (2012) nu judulna *Reinterpretasi dan Reformulasi Filsafat Pendidikan Sunda dalam Ungkapan Tradisional* Laporan Penelitian Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa Dan Seni Universitas Pendidikan Indonesia. Dina kacindekan éta panalungtikan aya 141 babasan jeung paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén filsafat atikan Sunda nu diwincik kana lima bagian, nya éta (1) ajén filosofis trisula atikan Sunda; (2) ajén filosofis komponén atikan; (3) kualitas atikan Sunda; (4) kualitas manusa Sunda; jeung (5) sikep masarakat kana babasan jeung paribasa Sunda. Ieu panalungtikan leuwih museur kana ulikan filsafat atikan Sunda. Patalina jeung ajén-ajén atikan karakter bangsa kasabit dina ulikan *Kualitas Manusia Sunda* nu nétélakeun yén kualitas manusa Sunda miboga ciri manusa nu *beradab* atawa *berkarakter*, nya éta nyunda ‘berbudaya’, nyantri ‘agamis’, jeung nyakola ‘akademis’ nu mampuh asup kana *gapura panca waluya* salaku karakter prilaku, nya éta cageur, bageur, bener, pinter, tur singer, ditambah ku karakter panger.

Panalungtikan nu sarupa tur dianggap panalungtikan nu panganyarna dilaksanakeun ku Sudaryat spk. taun 2013 judulna *Nilai Pendidikan Karakter dan Moral Bangsa dalam Ungkapan Tradisional Sunda* mangrupa laporan panalungtikan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakukltas Pendidikan Bahasa dan Seni Universitas Pendidikan Indonesia Bandung. Hasil tina éta panalungtikan mangrupa :

1. Ajén-inajén karakter dina paribasa Sunda pakaitna jeung (a) *olah hati*, (b) *olah pikir*, (c) *olah raga dan kinetik*, sarta (d) *olah rasa jeung karsa*.

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislamana Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2. Ajén –inajén moral bangsa dina paribasa Sunda nu pakait jeung moral (a) pengkuh agamana (*spiritual quotient*), (b) luhung élmuna (*intellectual quotient*), (c) jembar budayana (*emotional quotient*), jeung (d) rancagé gawéna (*actional quotient*).

Bédana jeung panalungtikan-panalungtikan di luhur, dina ieu panalungtikan leuwih museur kana analisis ajén-inajén karakter nu aya dina paribasa Sunda ditilik tina *perspektif* Islam. Satuluyna ajén-inajén karakter kasebut dijadikeun acuan pikeun nyieun bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* atikan karakter.

Sapangaweuh Panyusun, panalungtikan nu medar ajén-inajén atikan karakter tina paribasa Sunda dina *perspektif* Islam can aya nu nalungtik sacara husus, ku kituna ieu panalungtikan nu judulna “ Ajén-inajén Kaislaman dina Paribasa Sunda pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda *Berbasis* Karakter di SMP “ kacida pentingna dilaksanakeun malahmandar bisa jadi *solusi alternatif* pangajaran basa Sunda nu bisa ngawariskeun ajén-inajén linuhung bangsa nu luyu jeung *panadangan hidup* urang Sunda dina *perspektif* budaya, kitu deui luyu jeung ajén-inajén karakter kaislaman dina *perspektif* agama. Ku cara kitu, bisa ditepikeun atikan nu *ngarepresentasikeun* karakter bangsa nu *beragama* tur *berbudaya*.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan medar ajén-inajén kaislaman dina paribasa Sunda pikeun mekarkeun bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter di SMP. Watesan masalah dina ieu panalungtikan nyoko kana analisis eusi (harti /maksud) nu kakandung dina paribasa nu aya dina sababaraha sumber data tinulis ditilik tina *perspektif* ajaran Islam. Tilikan ka-Islaman nu dimaksud nya éta kasaluyuan eusi atawa ma’na paribasa jeung eusi kandungan Al-qur’an jeung Hadist Rosululloh Muhammad SAW. Paribasa nu mibanda ajén-inajén kaislaman satuluyna dideskripsikeun tur diperenahkeun gék-

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

gékana dina tilu poko ajaran Islam (aqidah, syariah, jeung ahlak), lian ti éta dimunculkeun ajén-inajén atikan karakter dina éta paribasa nu luyu jeung ajaran agama Islam pikeun dijadikeun sumber atawa bahan ajar mata pangajaran basa jeung sastra Sunda *berbasis* karakter pikeum murid SMP.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan dirumuskeun sababaraha hal saperti nu kasebut ieu di handap.

- 1) Paribasa naon waé nu ngandung ajén-inajén kaislaman?
- 2) Kumaha aspék aqidah, syariah, jeung ahlak dina paribasa Sunda?
- 3) Karakter naon waé nu aya dina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman?
- 4) Kumaha lamun ajén-inajén kaislaman dina paribasa Sunda dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan sacara umum ngadéskripsikeun ajén-inajén kaislaman jeung ajén-inajén atikan karakter dina paribasa Sunda pikeun dijadikeun bahan pangajaran.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan ngadéskripsikeun:

- 1) ajén-inajén kaislaman dina paribasa Sunda.
- 2) aspék aqidah, syariah, jeung ahlak dina paribasa Sunda.
- 3) atikan karakter dina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman.
- 4) ajén-inajén kaislaman dina paribasa Sunda dina bahan pangajaran basa Sunda *berbasis* karakter.

1.4. Manfaat Panalungtikan

Manfaat anu dipiharep tina ayana ieu panalungtikan di antarana manfaat nu sipatna teoritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1. Manfaat Teoritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan miboga manfaat jeung kagunaan, di antarana waé:

- 1) Pikeun ngeuyeuban sababaraha panalungtikan paribasa Sunda nu ngabaladah perkara *identifikasi* tur *inventarisasi* paribasa Sunda nu mibanda ajén-inajén kaislaman pakaitna jeung atikan karakter di SMP.
- 2) Méré informasi ngeunaan ajén-inajén karakter bangsa nu sumberna tina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman katut hubunganana jeung tilu widang poko ajaran Islam (aqidah, syariah, jeung ahlak).

1.4.2. Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga manfaat praktis hususna pikeun nu nalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

- 1) Pikeun nu nalungtik,
Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih loba ngeunaan seuhseuhan ajén-inajén kaislamanan katut ajén-inajén karakter islami dina paribasa Sunda.
- 2) Pikeun siswa
Hasil panalungtikan bisa dijadikeun salahsahiji sumber bahan ajar siswa maham kana eusi jeung kandungan paribasa Sunda nu mibanda ajén-inajén kaislaman pikeun upaya pangwangunan karakter bangsa nu *berbasis* agama jeung budaya.
- 3) Pikeun guru

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun salahsahiji sumber bahan ajar, hususna mata pangajaran basa jeung sastra Sunda *berbasis* karakter. Guru bisa mekarkeun deui hasil panalungtikan luyu jeung pamerdih kurikulum.

4) Pikeun masarakat

Hasil panalungtikan dipiharep bisa ngahudang masarakat kana ngarasa pentingna posisi paribasa Sunda dina konteks budaya pikeun kapentingan pangwangunan atikan mental spiritual generasi bangsa.

5) Pikeun Pamaréntah

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nguatkeun posisi basa jeung budaya Sunda salaku landasan filosofis pangwangunan nu kacida pentingna pikeun dipertahankeun tur ditumuwuhmekarkeun di tengah kahirupan masarakatna sangkan bisa ngahontal cita-cita pangwangunan.

1.5. Organisasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dibagi kana genep bab. Bab I mangrupa bubuka nu di jerona aya kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung organisasi panalungtikan.

Bab II mangrupa dadaran tina sababaraha tiori dina kajian pustaka, rarangka mikir, jeung anggapan dasar.

Satuluyna, pikeun méré gambaran kana lumangsungna proses panalungtikan, dina Bab III didadarkeun metodeu panalungtikan nu ngawengku (1) sumber data, (2) rarancang panalungtikan, (3) metodeu panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) ngumpulkeun data, jeung (6) ngolah data.

Dina Bab IV didadarkeun analisis panalungtikan ngeunaan (1) ajén-inajén ka-Islaman nu aya dina paribasa Sunda, (2) aspek aqidah, syariah, jeung ahlak dina paribasa Sunda, jeung (3) atikan karakter dina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman.

Bab V medar ngeunaan cara mekarkeun atikan karakter dina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman dina wangun bahan ajar basa jeung sastra Sunda berbasis karakter pikeun siswa SMP.

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pamungkas bab VI mangrupa bab panutup nu di jerona midangkeun kacindekan tina hasil panalungtikan (*temuan*) katut saran panalungtikan.